Pou Piblikasyon Imedya: 19/04/2026 **GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL**

GOUVÈNÈ HOCHUL BILIYE PWOKLAME KI DEZIYE 19 POU 25 AVRIL KÒM SEMÈN NASYONAL DWA VIKTIM KRIM NAN ETA NOUYÒK

Li mande pou yo limen moniman atravè Eta a pou onore moun ak kominote ki afekte pa krim, rekonèt pwofesyonèl ki bay sipò ak sèvis enpòtan nan tout Eta a

Yon bousye nan pwogram State of the Arts la rejwenn Biwo Sèvis pou Viktim Eta Nouyòk la pou ogmante konsyantizasyon sou nouvo lwa ki elaji aksè a yon filè sekirite finansye enpòtan pou viktim ak sivivan yo

Gouvènè Kathy Hochul te pibliye yon pwoklamasyon jodi a ki make dimanch 19 avril jiska samdi 25 avril kòm Semèn Nasyonal Dwa Viktim Krim pou koresponn ak deziyasyon federal semèn nan, ki onore moun, fanmi ak kominote ki afekte pa krim epi rekonèt pwofesyonèl ki bay sipò ak sèvis esansyèl ki pèmèt yo rekipere epi pwospere. Gouvènè Hochul te mande tou pou yo limen moniman atravè eta a aswè a, dimanch 19 avril, nan koulè Semèn Nasyonal Dwa Viktim Krim ane sa a yo: Ble lank, Ble Pavo, ak Ble Marin.

"Antanke pitit fi fyè yon manman ki te konsakre tèt li pou ede viktim vyolans domestik yo, mwen rete fèm nan angajman mwen pou asire ke viktim ak sivivan krim yo gen aksè ak sipò ak sèvis yo bezwen pou geri", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Pandan n ap selebre Semèn Dwa Viktim Krim nan Eta Nouyòk, mwen mande w pou w mete tèt ansanm avè m pou w vin yon alye epi pou w yo tande fè vwa viktim yo pou yo ka konnen yo tande yo, yo wè yo epi yo sipòte yo."

Yo pral limen moniman sa yo pou make kòmansman semèn nan, tèm nan se Koute. Aji. Defann. Pwoteje Viktim yo, Sipòte Kominote yo.

- 1WTC
- Pon Kosciuszko (Kosciuszko Bridge)
- Batiman SUNY H. Carl McCall lan
- Batiman Alfred E. Smith State Office (Alfred E. Smith State Office Building) la
- Empire State Plaza
- Pak Ekspozisyon Eta - Pòtay Prensipal ak Sant Ekspozisyon
- Chit Niagara (Niagara Falls)
- Pon "Franklin D. Roosevelt" nan Mid-Hudson

- Tèminal Grand Central (Grand Central Terminal) la - Vyadik Pershing Square (Pershing Square Viaduct) la
- Pòtay Entènasyonal Ayewopò Albany (Albany International Airport Gateway)
- Pon Flotan nan Fairport (Fairport Lift Bridge) sou Kanal Erie a
- Sal Tren Moynihan (Moynihan Train Hall)
- Fa Roosevelt Island

Direktè Biwo Sèvis Viktim Eta Nouyòk la (New York State Office of Victim Services, OVS), Bea Hanson, te deklare, "Anplwaye OVS yo fyè de travay nou fè chak jou pou asire ke viktim ak sivivan krim yo gen resous yo bezwen pou yo refè, geri epi pwospere. Nou asosye tou ak plis pase 250 pwogram asistans pou viktim atravè eta a, epi pwofesyonèl sa yo fè yon travay enpòtan chak jou pou satisfè bezwen moun ki afekte pa krim yo. Mwen remèsye Gouvènè Hochul pou sipò san fay li bay viktim ak sivivan krim yo epi mwen mande tout Nouyòkè yo pou yo rejwenn nou pou ogmante konsyantizasyon sou sèvis ki chanje lavi ki disponib pou sivivan yo epi pou montre solidarite ak moun ki te viktim krim yo."

Eta Nouyòk se yon lidè nan pwoteksyon dwa viktim krim yo epi asire aksè a sèvis ak sipò. Prèske 60 ane de sa, eta a te etabli youn nan premye pwogram konpansasyon nan peyi a pou ede asire ke viktim yo ak/oswa fanmi yo pa ta fè fas a difikilte finansye akòz yon krim. Lwa eta ki sipòte viktim ak sivivan yo te evolye pou satisfè bezwen k ap evolye yo alavni, ak chanjman ki pi enpòtan an ki te fèt ak promilgasyon Lwa sou Aksè Ekitab pou Konpansasyon Viktim yo nan ane pase a.

Lwa Aksè Ekitab la elimine nesesite pou moun yo rapòte yon krim bay fòs lòd yo. Olye de sa, Biwo Sèvis pou Viktim (Office of Victim Services, OVS) aksepte dokiman kounye a ki soti nan yon founisè sèvis pou viktim, yon founisè sante mantal, oswa yon founisè medikal ki ateste ke moun lan te viktim yon krim. Lwa sa a, ki pwolonje tou delè pou depoze yon reklamasyon konpansasyon, rekonèt ke moun ka ezite enplike sistèm jistis kriminèl la paske yo pè plis domaj pou yo menm oswa fanmi yo, eksperyans anvan ak lapolis, oswa sitiyasyon imigrasyon yo, pa egzanp.

Youn nan twa premye bousye pwogran State of the Arts nan Nouyòk la – sTo Len, yon atis entèdisiplinè – te rejwenn OVS mwa pase a epi li pral itilize talan li pou ogmante konsyantizasyon nan mitan popilasyon ki tradisyonèlman pa jwenn sèvis yo sou aksè elaji ak konpansasyon. OVS bay yon rezo sekirite finansye pou moun k ap fè fas ak depans ki gen rapò ak krim san okenn lòt mwayen pou peye yo.

Ane pase a, OVS te bay plis pase 19.3 milyon dola bay viktim yo ak fanmi yo pou ede peye bòdwo medikal, konsèy, ak depans demenajman, pou site depans sa yo ki gen rapò ak krim. Nouyòk se sèl eta nan peyi a ki pa gen yon limit sou depans pou terapi konsèy ak sèvis medikal, sa vle di ke moun yo ka resevwa èd otan ke yo bezwen l. Tout ranbousman ak peman pou depans ki gen rapò ak krim yo peye pa mwayen amann, frè ak chaj an eksè kèk moun ki kondane nan tribinal eta oswa federal peye, se pa avèk lajan taks federal oswa eta.

Komisè Divizyon Sèvis Jistis Kriminèl Eta Nouyòk (New York State Division of Criminal Justice Services, DCJS), Rossana Rosado, te deklare, "Pandan Semèn Dwa Viktim Krim yo, mwen onore pou m mete tèt ansanm ak Gouvènè Hochul ak ajans patnè nou yo pou nou kanpe bò kote viktim ak sivivan krim yo. DCJS ap travay di an koulis pou ede asire ke manm fòs lòd nou yo gen fòmasyon ak zouti yo bezwen pou reponn ak viktim ak sivivan krim yo avèk sansiblite epi avèk liy dirèk sèvis pou viktim yo ak referans pou sipò ki gen ladan resous pou yo rekipere apre trafik imen, vyolans konjigal ak vyolans ak zam."

Direktè Egzekitif Biwo pou Prevansyon Vyolans Domestik nan Eta Nouyòk (New York State Office for the Prevention of Domestic Violence, OPDV) la, Kelli Nicholas Owens, te deklare, "Pandan Semèn Nasyonal Dwa Viktim Krim yo, OPDV onore fòs, rezistans, ak kouraj tout sivivan yo. Chak viktim ak sivivan merite pou yo tande yo, pou yo kwè yo epi pou yo sipòte yo. OPDV rete angaje nan travay avèk ajans eta nou an ak patnè kominotè yo pou defann dwa viktim yo epi asire vwa sivivan yo gide efò nou yo chak jou."

Plizyè lòt amannman enpòtan nan lwa eta a ki gen enpak sou operasyon OVS yo te antre an vigè pandan sis dènye mwa yo. Chanjman sa yo:

- Yo double limit sou depans fineray ak antèman an soti nan 6,000 pou rive nan 12,000 dola epi elimine konduit kontribitè nan ka omisid. Chanjman sa a rekonèt ke moun ki pèdi yon moun akoz yon zak vyolan ki fèt toudenkou pa ta dwe fè fas ak difikilte finansye oswa manke sipò pandan y ap pran lapenn. Anvan sa, lwa eta a te pèmèt Biwo Sèvis pou Viktim yo diminye ranbousman pou depans fineray ak antèman ansanm ak lòt depans ki gen rapò ak krim jiska 50 pousan si ajans lan te detèmine ke aksyon yon moun te kontribye nan lanmò li.

- Ranbouse nenpòt moun ki te peye pou netwayaj sèn krim nan pwòp pòch yo (jiska 2,500 dola). Anvan, yon moun te ka sèlman resevwa ranbousman si li te rete kote krim nan te fèt la.

- Ogmantasyon sipò pou viktim frod finansye yo. Moun ki poko gen 18 an, ki gen plis pase 60 an, ak/oswa moun ki andikape, ki blese fizikman oswa ki satisfè lòt kritè kalifikasyon ka kounye a resevwa jiska 2,500 dola si yo te viktim fwod finansye. Limit ranbousman an te 100 dola.

- Pwoteksyon ak sèvis elaji pou sivivan agresyon seksyèl yo. Kounye a, yo bay pwoteksyon pou medikaman pwofilaksi VIH pou nenpòt sivivan agresyon seksyèl, pa sèlman pou yon moun ki poko gen 18 an.

- Ogmantasyon pousantaj ranbousman pou founisè medikal ki gen anplwaye ki fè egzamen mediko-legal epi ki asire sèvis egzamen mediko-legal vityèl nan zòn ki pa jwenn ase sèvis yo.

Biwo pou Sèvis Viktim Eta Nouyòk la finanse ak sipòte tou plis pase 250 pwogram asistans viktim ki bay sèvis konfidansyèl ak gratis pou viktim ak sivivan krim, tankou konsèy nan kriz, terapi, gwoup sipò, asistans legal sivil, jesyon ka, ak lòt asistans. Vizite http://www.ovs.ny.gov/connect pou jwenn yon pwogram asistans pou viktim oswa pou jwenn aksè ak Liy Dirèk pou Vyolans Domestik ak Seksyèl Nouyòk la 24 sou 24, 7 jou sou 7: Rele: 800-942-6906; voye mesaj tèks: 844-997-2121; a tchat: opdv.ny.gov.

###

Lòt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta Nouyòk | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418
Enskri pou w jwenn mizajou Biwo Gouvènè a: ny.gov/signup | Voye tèks NEW YORK bay 81336

ANILE ENSKRIPSYON OU